

Notice: This is a public document, which means the document as submitted will be available to the public upon request. Therefore, do not enter personal identifiers on it, such as Social Security number, driver's license number, vehicle plate number, insurance policy number, active financial account number, active credit card number or military status.

Avi: Sa a se yon dokiman piblik, sa vle di dokiman an jan nou soumèt li a ap disponib pou piblik la lè yo fè demann lan. Se poutèt sa, pa mete enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye w sou li, tankou nimewo Sekirite Sosyal, nimewo lisans, nimewo plak machin, nimewo asirans machin, nimewo kont finansye aktif, nimewo kat kredi aktif oswa estati militè ou.

Complaints, motions and other papers submitted to the court should be in English
Plent, mosyon ak lòt dokiman nou soumèt nan tribinal la dwe an Anglè.



New Jersey Judiciary
Sistèm Jidisyè New Jersey

Plea Form

Fòm Pou Deklare Ou Koupab
(Kreyòl Ayisyen)

County _____
Konte _____

Prosecutor File Number _____
Nimewo Dosye Pwokirè a _____

Defendant's Name: _____

Non Akize a

before Judge: _____

Devan Jij

1. List the charges to which you are pleading guilty:

Mete akizasyon w ap declare ou koupab pou yo a:

Indictment/ Accusation/ Complaint Number	Count	Nature of Offense	Degree	Statutory Maximum/ Maksimòm Legal			VCCO Assessment*
				Time	Fine		
Nimewo Rekizitwa / Akizasyon/Plent	Kontite	Nati Enfraksyon an	Degre	hc	Lè	Amann	Evalyasyon VCCO
_____	_____	_____	_____	Max/ Maksi mòm	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	Max/ Maksi mòm	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	Max/ Maksi mòm	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	Max/ Maksi mòm	_____	_____	_____
_____	_____	_____	_____	Max/ Maksi mòm	_____	_____	_____

Your total exposure as the result of this plea is:

Ekspozisyon total ou ki soti nan deklarasyon ou koupab sa a se:

Total/

Total

*Victims of Crime Compensation Office Assessment/ Evalyasyon Biwo Konpansasyon pou Viktim Krim yo

Please Circle Appropriate Answer/Tanpri antoure repons ki apwopriye a

2. a. Did you commit the offense(s) to which you are pleading guilty? Yes/Wi No/Non
Èske ou te komèt enfraksyon ou deklare ou koupab pou li (yo) a?

b. Do you understand that before the judge can find you guilty, you will have to tell the judge what you did that makes you guilty of the particular offense(s)? Yes/Wi No/Non
Èske ou konprann anvan jij la ka jwenn ou koupab, ou ap gen pou di jij la sa ou te fè ki fè ou koupab ak enfraksyon patikilye sa a (yo)?

3. Do you understand what the charges mean? Yes/Wi No/Non
Èske ou konprann sa akizasyon yo vle di?

4. Do you understand that by pleading guilty you are giving up certain rights? Among them are:

Èske ou konprann lè ou deklare ou koupab, ou abandone sèten dwa? Pami yo genyen:

a. The right to a jury trial in which the State must prove you guilty beyond a reasonable doubt? Yes/Wi No/Non
Dwa pou gen yon pwosè devan jiri kote Eta a dwe pwouve ou koupab san okenn dout rezonab?

b. The right to remain silent? Yes/Wi No/Non
Dwa pou rete an silans?

c. The right to confront the witnesses against you? Yes/Wi No/Non
Dwa pou konfwonte temwen ki kont ou yo?

d. Do you understand that by pleading guilty **you are not waiving** your right to appeal (1) the denial of a motion to suppress physical evidence (R. 3:5-7(d)) or (2) the denial of acceptance into a pretrial intervention program (PTI) (R. 3:28-6(d))? Yes/Wi No/Non
Èske ou konprann lè ou deklare ou koupab, **ou pa renonse** ak dwa ou genyen pou fè apèl (1) kont refi pou mande ekate prèv materyèl yo (R. 3:5-7(d)) oswa (2) kont refi pou rantr nan yon pwogram entèvansyon anvan pwosè (PTI) (R. 3:28-6(d))?

e. Do you further understand that by pleading guilty **you are waiving** your right to appeal the denial of all other pretrial motions except the following? Yes/Wi No/Non
Èske ou konprann tou, lè ou deklare ou koupab, **ou renonse** ak dwa ou genyen pou fè apèl kont refi tout lòt demann anvan pwosè yo eksepte sa ki annapre yo:

5. Do you understand that if you plead guilty:
Èske ou konprann si ou deklare ou koupab:

a. You will have a criminal record? Yes/Wi No/Non
Ou pral gen yon dosye kriminèl ?

b. Unless the plea agreement provides otherwise, you could be sentenced Yes/Wi No/Non to serve the maximum time in confinement, to pay the maximum fine and to pay the maximum Victims of Crime Compensation Office Assessment?

Sof si akò pou deklare ou koupab la ta di yon lòt bagay, yo ka kondane w pou w pase anpil tan nan prizon, pou w peye amann maksimòm nan ak Evalyasyon maksimòm Biwo Konpansasyon pou Viktim Zak Kriminèl la?

c. You must pay a minimum Victims of Crime Compensation Office assessment of \$50 (\$100 minimum if you are convicted of a crime of violence) for each count to which you plead guilty? (Penalty is \$30 if offense occurred between January 9, 1986 and December 22, 1991 inclusive. \$25 if offense occurred before January 1, 1986.) Yes/ Wi No/Non

Ou dwe peye yon evalyasyon minimòm \$50 nan Biwo Konpansasyon pou Viktim Zak Kriminèl la (\$100 minimòm si yo kondane w pou yon krim vyolans) pou chak akizasyon ou deklare ou koupab? (Amann lan se \$30 si enfraksyon an te fèt ant 9 janvyè 1986 ak 22 desanm 1991 enklizif. \$25 si enfraksyon an te fèt anvan 1yè janvyè 1986.)

d. If the offense occurred on or after February 1, 1993 but was before March 13, 1995, and you are being sentenced to probation or a State correctional facility, you must pay a transaction fee of up to \$1.00 for each occasion when a payment or installment payment is made? If the offense occurred on or after March 13, 1995 and the sentence is to probation, or the sentence otherwise requires payments of financial obligations to the probation division, you must pay a transaction fee of up to \$2.00 for each occasion when a payment or installment payment is made? Yes/Wi No/Non

Si enfraksyon an te fèt nan dat oswa apre 1yè fevriye 1993 men li te anvan 13 mas 1995, epi y ap kondane w sou yon pèn pwobasyon oswa nan yon etablisman koreksyonèl Leta, ou dwe peye yon frè tranzaksyon ki rive jiska \$1.00 pou chak fwa yo fè yon peman oswa yon peman sou fòm vèsman? Si enfraksyon an te fèt nan dat oswa apre 13 mas 1995 epi santans lan se sou pèn pwobasyon, oswa santans lan egzije peman obligasyon finansyè anvè divizyon pwobasyon an, ou dwe peye yon frè tranzaksyon ki rive jiska \$2.00 pou chak fwa yo fè yon peman oswa yon peman sou fòm vèsman?

e. If the offense occurred on or after August 2, 1993 you must pay a \$75 Safe Neighborhood Services Fund assessment for each conviction? Yes/Wi No/Non

Si enfraksyon an te fèt nan dat oswa apre 2 out 1993, ou dwe peye yon evalyasyon \$75 nan Fon Sèvis Sekirite Katye pou chak kondanasyon?

5. f. If the offense occurred on or after January 5, 1994 and you are being sentenced to probation, you must pay a fee of up to \$25 per month for the term of probation? Yes/Wi No/Non

Si enfraksyon an te fèt nan dat oswa apre 5 janvyè 1994 epi yo kondane w sou pèn pwobasyon, èske ou dwe peye yon frè ki rive jiska \$25 chak mwa pou tout dire pwobasyon an?

g. If the crime occurred on or after January 9, 1997 you must pay a Law Enforcement Officers Training and Equipment Fund penalty of \$30? Yes/Wi No/Non

Si krim nan te fèt nan dat oswa apre 9 janvyè 1997, ou dwe peye yon amann \$30 nan Fon Fòmasyon ak Ekipman Ajan Fòs Lòd la?

h. You will be required to provide a DNA sample, which could be used by law enforcement for the investigation of criminal activity, and pay for the cost of testing? Yes/Wi No/Non

Y ap mande w pou bay yon echantiyon ADN, lapolis ka itilize pou ankèt sou aktivite kriminèl, epi peye frè tè s la?

i. Computer Crime Prevention Fund Penalty, N.J.S.A. 2C:43-3.8 (L. 2009, c. 143). If the crime involves a violation of N.J.S.A. 2C:24-4b(3) (causes or permits child to engage in sexual act that is to be photographed or exhibited), if the crime was committed on or after February 1, 2018, N.J.S.A. 2C:24-4b(4) (photographs or films a child in sexual act), if the crime was committed on or after February 1, 2018, N.J.S.A. 2C:24-4b(5)(b) (knowingly possessing or knowingly viewing child pornography), N.J.S.A. 2C:24-4.1 (leader of a child pornography network), if the crime was committed on or after February 1, 2018, N.J.S.A. 2C:34-3 (selling, distributing or exhibiting obscene material to a person under age 18) or an offense involving computer criminal activity in violation of any provision of Title 2C, chapter 20, you will be assessed a mandatory penalty as listed below for each offense for which you pled guilty? Yes/Wi No/Non

- (1) \$2,000 in the case of a 1st degree crime
- (2) \$1,000 in the case of a 2nd degree crime
- (3) \$ 750 in the case of a 3rd degree crime
- (4) \$ 500 in the case of a 4th degree crime
- (5) \$ 250 in the case of a disorderly persons or petty disorderly persons offense

Total CCPF Penalty \$ _____

Amann Fon pou Prevansyon Sibèkriminalite (Computer Crime Prevention Fund Penalty), N.J.S.A. 2C:43-3.8 (L. 2009, c. 143). Si krim nan enplike yon vyolasyon N.J.S.A. 2C:24-4b(3) (lakòz oswa pèmèt timoun nan angaje l nan rapò seksyèl ki oblije l fè foto oswa ekspoze l), si krim nan te komèt nan dat oswa apre 1ye fevriye 2018, N.J.S.A. 2C:24-4b(4) (fè foto oswa filme yon timoun nan rapò seksyèl), si krim nan te komèt nan dat oswa apre 1ye fevriye 2018, N.J.S.A. 2C:24-4b(5)(b) (posede oswa gade pònografi timoun pa ekspres), N.J.S.A. 2C:24-4.1 (responsab yon rezo pònografi timoun), si krim nan te komèt nan dat oswa apre 1ye fevriye 2018, N.J.S.A. 2C:34-3 (vann, distribye oswa montre yon moun ki poko gen 18 lane materyèl obsèn) oswa yon enfraksyon ki enplike aktivite kriminèl enfòmatis ki vyole nenpòt dispozisyon nan Tit 2C, chapit 20, y ap ba ou yon pèn obligatwa jan sa endike anba a pou chak enfraksyon ou te plede koupab pou li?

- (1) \$2,000 nan ka yon krim 1ye degre
- (2) \$1,000 nan ka yon krim 2yèm degre
- (3) \$750 nan ka yon krim 3yèm degre
- (4) \$500 nan ka yon krim 4yèm degre
- (5) \$250 nan ka yon enfraksyon twoub piblik oswa twoub piblik minè

Amann CCPF Total \$ _____

6. Do you understand that **the court could**, in its discretion, impose a minimum time in confinement to be served before you become eligible for parole, which period could be as long as one half of the period of the custodial sentence imposed? Yes/Wi No/Non

Èske ou konprann tribinal la, selon diskresyon li, ka enpoze pou pase yon tan minimòm nan prizon anvan ou vin kalifye pou libète sou kondisyon, peryòd sa a ka dire jiska mwatye peryòd santans prizon yo pwononse a?

7. Did you enter a plea of guilty to any charges **that require** a mandatory period of parole ineligibility or a mandatory extended term? Yes/Wi No/Non

Èske ou te deklare ou koupab pou nenpòt akizasyon **ki egzije** yon peryòd obligatwa san posibilite liberasyon kondisyonèl oswa yon tèm pwolonje obligatwa?

- a. If you are pleading guilty to such a charge, the minimum mandatory period of parole ineligibility is ____ years and ____ months (fill in the number of years/months) and the maximum period of parole ineligibility can be ____ years and ____ months (fill in the number of years/months) and this period cannot be reduced by good time, work, or minimum custody credits.

Si w ap deklare w koupab pou yon akizasyon konsa, peryòd minimòm obligatwa san posibilite liberasyon kondisyonèl la se ____ ane ak ____ mwa (ranpli kantite ane/mwa yo) epi peryòd maksimòm san posibilite liberasyon kondisyonèl la ka ____ ane ak ____ mwa (ranpli kantite ane/mwa yo) epi ou paka diminye peryòd sa a pa bon tan, travay, oswa kredi minimòm pou detansyon.

- b. If you are pleading guilty to such a charge, the minimum mandatory extended term is ____ years and ____ months (fill in the number of years/months) and the maximum mandatory extended term can be ____ years and ____ months (fill in the number of years/months).

Si w ap deklare w koupab pou yon akizasyon konsa, pèn minimòm obligatwa pwolonje a se ____ ane ak ____ mwa (ranpli kantite ane/mwa yo) epi pèn maksimòm obligatwa pwolonje a ka ____ ane ak ____ mwa (ranpli kantite ane/mwa yo).

8. Are you pleading guilty to a crime that contains a presumption of imprisonment which means that it is almost certain that you will go to state prison? Yes/Wi No/Non

Èske w ap declare w koupab pou yon krim ki gen tout chans pou voye w nan prizon, sa vle di li prèske sèten y ap mete w nan prizon leta a?

9. Are you presently on probation or parole? Yes/Wi No/Non

Èske w an libète sou kondisyon oswa sou pwobasyon kounye a?

- a. Do you realize that a guilty plea may result in a violation of your probation or parole? Yes/Wi No/Non NA/
Pa
Aplikab

Èske ou reyalize si w deklare ou koupab sa ka lakòz yon vyolasyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl ou a?

10. Are you presently serving a custodial sentence on another charge? Yes/Wi No/Non

Èske w ap pije yon pèn nan prizon kounye a pou yon lòt akizasyon?

- a. Do you understand that a guilty plea may affect your parole eligibility? Yes/ Wi No/Non NA/
Pa
Aplikab

Èske ou konprann si w deklare ou koupab sa ka afekte kalifikasyon ou pou libète sou kondisyon?

11. Do you understand that if you have plead guilty to, or have been found guilty on other charges, or are presently serving a custodial term and the plea agreement is silent on the issue, the court may require that all sentences be made to run consecutively? Yes/ Wi No/ Non NA/ Pa Aplikab

Èske ou konprann si ou te deklare ou koupab, oswa yo te jwenn ou koupab pou lòt akizasyon, oswa si w ap pije yon pèn nan prizon kounye a epi akò pou declare ou koupab la pa di anyen sou sa, tribinal la ka egzije pou w pije tout pèn yo youn apre lòt?

12. List any charges the prosecutor has agreed to recommend for dismissal: Mete tout akizasyon pwokirè a te dakò rekòmande pou yo ranvwaye yo:

Indictment/Accusation/ Complaint Number Nimewo Rekizitwa / Akizasyon/Plent	Count Kantite	Nature of Offense and Degree Nati Enfraksyon an ak Degre a
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____
_____	_____	_____

13. Specify any sentence the prosecutor has agreed to recommend: Presize nenpòt santans pwokirè a te dakò rekòmande:

14. Has the prosecutor promised that he or she will **NOT**: Èske pwokirè a te pwomèt li **PA** pral:

a. Speak at sentencing? Yes/ Wi No/ Non
Pran lapawòl lè yo pral bay santans lan?

b. Seek an extended term of confinement? Yes/ Wi No/ Non
Mande pou yo pwolonje peryòd prizon an?

If yes, was this promise or agreement part of a negotiated plea where the prosecutor represents you are otherwise eligible to receive a mandatory extended term for repeat drug offenders and the prosecutor has agreed to request a period of incarceration or parole ineligibility that is less than what would be required for an extended term? Yes/ Wi No/ Non

Si wi, èske pwomès sa a oswa akò a te fè pati yon negosyasyon pou declare w koupab kote pwokirè a deklare ou kalifye pou resevwa yon peryòd pwolonje obligatwa pou delenkan dwòg residivis epi pwokirè a te dakò pou mande yon peryòd prizon oswa peryòd san posibilite liberasyon kondisyonèl ki mwens pase sa ki ta nesèsè pou yon peryòd pwolonje?

c. Seek a stipulation of parole ineligibility?

Yes/ Wi No/ Non

Mande yon dispozisyon san posibilite liberasyon kondisyonèl?

15. Are you aware that you must pay restitution if the court finds there is a victim who has suffered a loss and if the court finds that you are able or will be able in the future to pay restitution?

Yes/ Wi No/ Non NA/
Pa Aplikab

Èske ou konnen ou dwe peye domaj ak enterè si tribinal la dekouvri gen yon viktim ki te sibi yon pèt epi si tribinal la jwenn ou anmezi oswa ou pral anmezi pi devan pou peye domaj ak enterè?

16. Do you understand that if you are a public office holder or employee, you can be required to forfeit your office or job by virtue of your plea of guilty?

Yes/ Wi No/ Non NA/
Pa Aplikab

Èske ou konprann si ou se yon moun ki okipe yon pòs nan leta oswa yon anplwaye leta, yo ka oblije ou abandone pòs oswa travay ou a paske ou deklare ou koupab?

17. If you are not a citizen of the United States this guilty plea may have serious immigration consequences. Please answer the following questions regardless of your immigration status.

Si ou pa yon sitwayen Ameriken, lè w deklare ou koupab, sa ka gen konsekans grav sou estati imigrasyon ou. Tanpri reponn kesyon sa yo kèlkeswa estati imigrasyon ou.

a. If you are not a citizen of the United States, pleading guilty to this offense could result in your removal or deportation from the United States, denial of naturalization, denial of re-entry, or exclusion from admission – now or in the future – even if you are lawfully present or have lived in the United States for many years. Do you understand that?

Yes/ Wi No/ Non

Si ou pa yon sitwayen Ameriken, si ou deklare ou koupab pou enfraksyon sa a, sa ka lakòz yo depòte ou Ozetazini, refize ou natiralizasyon, refize ou pou ou retounen nan peyi a, oswa yo ka depòte ou – kounye a oswa pi devan – menm si ou legalman prezan oswa ou te viv Ozetazini pandan plizyè ane. Èske ou konprann sa?

b. Do you understand that you have the right to seek advice from an attorney whether and how your citizenship or immigration status could be affected by your plea, conviction, or sentence?

Yes/ Wi No/ Non

Èske ou konprann ou gen dwa chèche konsèy yon avoka si epi kijan sitwayènte ou oswa estati imigrasyon ou ka afekte akòz ou deklare ou koupab, akòz kondanasyon w lan, oswa santans ou an?

c. Have you discussed with your attorney the potential immigration consequences of your plea? If yes, proceed to question 17(e). If no, proceed to question 17(d).

Yes/ Wi No/ Non

Èske ou te diskite ak avoka w la sou konsekans lefèt ou deklare ou koupab la sa ka genyen sou estati imigrasyon ou? Si repons lan se wi, ale nan kesyon 17(e). Si li se non, ale nan kesyon 17(d).

d. Would you like the opportunity to do so? Yes/ Wi No/ Non
Èske ou ta renmen gen posibilite pou fè sa?

e. Having been advised of any possible immigration consequences of a guilty plea, and your right to get legal advice about those consequences, do you still wish to plead guilty? Yes/ Wi No/ Non
Aprè yo te fin fè enfòmasyon sou nenpòt konsekans sa ka genyen sou estati imigrasyon ou lefèt ou deklare ou koupab la, epi dwa w genyen pou w chèche konsèy legal sou konsekans sa yo, èske w toujou vle deklare ou koupab?

18. a. Do you understand that pursuant to the rules of the Interstate Compact for Adult Offender Supervision if you are residing outside the State of New Jersey at the time of sentencing, or upon entry of a guilty plea if a guilty plea is a condition of admission to the Pretrial Intervention Program, that return to your residence may be delayed pending acceptance of the transfer of your supervision by your state of residence? Yes/ Wi No/ Non

Èske ou konprann dapre règ sou Akò Entè-Eta pou Sipèvizyon Delenkan ki Granmoun yo, si ou pa nan Eta New Jersey nan moman yo pwononse santans lan, oswa nan moman ou deklare ou koupab la, si deklarasyon pou di ou koupab la se yon kondisyon pou rantr nan Pwogram Entèvansyon Anvan Pwosè a, retounen lakay ou a ka retade annatandan eta kote w rete a aksepte transfè sipèvizyon w lan?

b. Do you also understand that pursuant to the same Interstate Compact transfer of your supervision to another state may be denied or restricted by that state at any time after sentencing, or upon entry of a guilty plea if a guilty plea is a condition of admission to the Pretrial Intervention Program, if that state determines you are required to register as a sex offender in that state or if New Jersey has required you to register as a sex offender? Yes/ Wi No/ Non

Èske ou konprann tou, dapre menm Akò Entè-Eta a, eta sa a ka refize oswa mete restriksyon sou transfè sipèvizyon w lan nan yon lòt eta nenpòt ki lè apre yo pwononse santans lan, oswa lè ou deklare ou koupab si yon deklarasyon pou di ou koupab la se yon kondisyon pou rantr nan Pwogram Entèvansyon Anvan Pwosè a, si eta sa a detèmine ou oblije enskri kòm yon delenkan seksyèl nan eta sa a oswa si New Jersey egzije pou ou enskri kòm yon delenkan seksyèl?

19. Have you discussed with your attorney the legal doctrine of merger? Yes/ Wi No/ Non NA/
Èske ou te diskite ak avoka w la sou doktrin legal fizyon an? Pa Aplikab

20. Are you giving up your right at sentence to argue that there are charges you pleaded guilty to for which you cannot be given a separate sentence? Yes/ Wi No/ Non NA/
Èske w ap abandone dwa ou genyen nan moman y ap pwononse santans lan pou w diskite gen akizasyon ou te deklare ou koupab pou yo, yo paka ba w yon lòt santans apa pou yo? Pa Aplikab

21. List any other promises or representations that have been made by you, the prosecutor, your defense attorney, or anyone else as a part of this plea of guilty:
Bay nenpòt lòt pwomès oswa deklarasyon oumenm, pwokirè a, avoka k ap defann ou an, oswa nenpòt lòt moun te fè nan kad deklarasyon pou di ou koupab sa a:

22. Have any promises other than those mentioned on this form, or any threats, been made in order to cause you to plead guilty? Yes/ Wi No/ Non
Èske yo te fè w lòt pwomès apa sa yo mansyone nan fòm sa a, oswa menas, pou fòse w deklare ou koupab?

23. a. Do you understand that the judge is not bound by any promises or recommendations of the prosecutor and that the judge has the right to reject the plea before sentencing you and the right to impose a more severe sentence? Yes/ Wi No/ Non
Èske ou konprann jij la pa mare ak okenn pwomès oswa rekòmandasyon pwokirè a epi jij la gen dwa rejte deklarasyon pou di ou koupab la anvan li pwononse santans ou a epi li gen dwa enpoze yon santans ki pi sevè?

b. Do you understand that if the judge decides to impose a more severe sentence than recommended by the prosecutor, that you may take back your plea? Yes/ Wi No/ Non
Èske ou konprann si jij la decide enpoze yon santans ki pi sevè pase sa pwokirè a rekòmande a, ou ka retire deklarasyon pou di ou koupab la?

c. Do you understand that if you are permitted to take back your plea of guilty because of the judge's sentence, that anything you say in furtherance of the guilty plea cannot be used against you at trial? Yes/ Wi No/ Non
Èske ou konprann si yo otorize ou retire deklarasyon pou di ou koupab la akòz santans jij la, nenpòt bagay ou di pou kore deklarasyon pou di ou koupab la, yo paka itilize yo kont ou nan jijman an?

24. Are you satisfied with the advice you have received from your lawyer? Yes/ Wi No/ Non
Èske ou satisfè ak konsèy ou te resevwa nan men avoka w la?

25. Do you have any questions concerning this plea? Yes/ Wi No/Non
Èske ou gen nenpòt kesyon konsènan deklarasyon pou di ou koupab sa a?

Date _____
Dat _____

Defendant _____
Akize _____

Defense Attorney _____
Avoka k ap Defann Ou an _____

Prosecutor _____
Pwokirè _____

- This plea is the result of the judge's conditional indications of the maximum sentence he or she would impose independent of the prosecutor's recommendation. Accordingly, the "Supplemental Plea Form for Non-Negotiated Pleas" has been completed.

Deklarasyon pou di ou koupab sa a se rezilta endikasyon kondisyonèl jij la sou santans maksimòm li ta enpoze san l pa fè ka sou rekòmandasyon pwokirè a. Pakonsekan, ou fin ranpli "Fòm Siplemanchè pou Deklare Ou Koupab San Negosyasyon".